# QO‘G‘IRCHOQLARNING BOLA PSIXIKASIGA TA’SIRI

**Yernazarov Nurlanbek Yesnazarovich** – *assistent o‘qituvchi*
nurlanbekernazarov5@gmail.com
*O‘zbekiston davlat san’at va madaniyat instituti Nukus filiali*

# ВЛИЯНИЕ КУКОЛ НА ПСИХИКУ РЕБЕНКА

**Ерназаров Нурланбек Есназарович** – *ассистент преподаватель*
*Нукусский филиал Государственного института искусств и культуры Узбекистана*

# THE INFLUENCE OF DOLLS ON A CHILD'S PSYCHE

**Yernazarov Nurlanbek Yesnazarovish** – *assistant teacher*
*Nukus branch of the State Institute of Arts and Culture of Uzbekistan*

**Tayanch so‘zlar:** bola psixologiyasi, qo‘g‘irchoq, o‘yin terapiyasi, proyektiv diagnostika, tana qiyofasi, kognitiv rivojlanish.

**Rezyume.** Ushbu maqolada qo‘g‘irchoqlarning bola psixikasiga, uning kognitiv, ijtimoiy va hissiy rivojlanishiga ta'siri ilmiy jihatdan tahlil qilingan. Qo‘g‘irchoqlarning o‘yin terapiyasi va proyektiv psixologik diagnostikadagi o‘rni amaliy misollar va psixologik keyslar yordamida ochib berilgan. Shuningdek, zamonaviy qo‘g‘irchoqlarning bolalarda tana qiyofasini qabul qilish (body image) bilan bog‘liq muammolarni keltirib chiqarish xavfi ko‘rib chiqilgan.

**Ключевые слова:** детская психология, кукла, игровая терапия, проективная диагностика, образ тела, когнитивное развитие.

**Резюме.** В данной статье научно анализируется влияние кукол на детскую психику, а также на когнитивное, социальное и эмоциональное развитие ребенка. С помощью практических примеров и психологических кейсов раскрывается роль кукол в игровой терапии и проективной психологической диагностике. Также рассматривается риск возникновения проблем с восприятием собственного тела (body image) у детей под влиянием современных кукол.

**Key words:** child psychology, doll, play therapy, projective diagnostics, body image, cognitive development.

**Summary.** This article scientifically analyzes the impact of dolls on a child's psyche, as well as their cognitive, social, and emotional development. The role of dolls in play therapy and projective psychological diagnostics is explored through practical examples and psychological case studies. Furthermore, the article addresses the potential risks of modern dolls causing body image issues in children.

**KIRISIW.** Oyın - balalıq dáwirindegi eń tiykarǵı is-háreket. Balanıń dúnyanı, adamlar arasındaǵı qarım-qatnastı hám ózin-ózi ańlawı oyın arqalı ámelge asadı. Bul proceste quwırshaqlar ayrıqsha orın iyeleydi. Quwırshaq ermek yamasa bos waqıttı ótkeriw quralı emes, al balanıń sociallasıwı, emociyalıq intellekti hám kognitivlik rawajlanıwı ushın zárúrli psixologiyalıq qural esaplanadı [1,62]. Belgili psixolog D.B.Elkonin óziniń miynetlerinde balanıń syujetli-rolli oyınlarında quwırshaq jámiyettegi adamnıń modelin sáwlelendiretuǵının atap ótken [2, 115 b]. Balalar quwırshaqlar menen oynaǵanda túrli sociallıq rollerdi (ana, ásker, shıpaker, oqıwshı hám.t.b.) obrazların ózinde ótkeredi hám úlkenlerdiń dúnyasına qádem taslaydı. Bul arqalı olar qıyın jaǵdaylardı sheshiwdi, ǵárezsiz qarar qabıllawdı úyrenedi. Bunnan tısqarı, zamanagóy neyrobiologiyalıq hám psixologiyalıq izertlewler quwırshaq oynaw balalarda empatiya (basqalardıń sezimlerin túsiniw) hám sociallıq maǵlıwmatlardı qayta islewge juwapker bolǵan miy bólimleriniń aktivlestiwin dálilledi [3, 1 b]. Degen menen, bul processtiń barlıq waqıtta da tek unamlı tárepi bolabermeydi. Bul maqalada quwırshaqlardıń bala psixikasına unamlı yáki unamsız tásirleri, psixologiyalıq áhmiyeti ilimiy kózqarastan analizleynedi.

**METODLAR.** Bul izertlew jumısında temanıń ilimiy-teoriyalıq hám ámeliy táreplerin tolıq ashıp beriw maqsetinde tómendegi psixologiyalıq-pedagogikalıq usıllardan paydalanıldı:

1. Teoriyalıq analiz metodı (Ilimiy ádebiyatlardı úyreniw): Temanıń teoriyalıq tiykarın bekkemlew ushın balalar psixologiyası, oyın terapiyası hám psixoanaliz tarawındaǵı jetekshi alımlardıń (D.B. Elkonin, E.O. Smirnova, G. Landreth, M. Klein hám K.R. Ginsburg) ilimiy miynetleri, oqıw qollanbaları hám maqalaları analiz etildi hám ulıwmalastırıldı.

2. Baqlaw metodı: Balalardıń quwırshaqlar menen tábiyiy oyın proceslerin, olardıń emociyaların, qarım-qatnas stili hám sociallıq

rollerdi atqarıw procesin tikkeley hám qıstırıp baqlaw usılı qollanıldı.

3. Proektivlik metodikalar: Balalardıń ańlanbaǵan (sanasız) qorqıwların, ishki keshirmelerin hám shańaraqtaǵı jasırın kelispewshiliklerdi anıqlaw ushın quwırshaqlar járdeminde proektiv oyın usılları qollanıldı. Atap aytqanda, "Shańaraq aǵzaların bólmelerge jaylastırıw" (oyınshıqlardan úy qurıw) texnikası arqalı balanıń psixologiyalıq jaǵdayına diagnoztika etildi.

4. Oyın terapiyası hám Gestalt-terapiya elementleri: Izertlew dawamında balalardıń psixologiyalıq jaraqatların (mısalı, medicinalıq jaraxat yamasa shańaraqtaǵı jańa perzentke qızǵanısh) korrekciyalaw ushın maqsetli oyın terapiyası qollanıldı. Sonday-aq, balanıń emociyaların anıqlaw hám "katarsis" jaǵdayın jaratıw ushın Gestalt-terapiyanıń "Bos orın" texnikasınıń balalarǵa muwapıqlastırılǵan oyın túrinen paydalanıldı.

5. Keys-stadi usılı (Case study - Ámeliy jaǵdaylardı analizlew): Izertlewdiń empirik (ámeliy) bóliminde anıq psixologiyalıq mashqalası bar úsh túrli balanıń (4-6 jas aralıǵı) jaǵdayı jeke tartipte úyrenildi. Hár bir keys boyınsha balanıń dáslepki mashqalası (shaǵım), diagnoztika-baqlaw procesi, psixologiyalıq analiz hám terapiya nátiyjeleri izbe-iz túrde ulıwmalastırıldı.

**NÁTIYJELER HÁM TALQÍLAW**

Kognitivlik hám sociallıq rawajlanıwda, quwırshaq balanıń dáslepki sáwbetlesiwshi sherigi esaplanadı. Bala quwırshaq penen sóyleskende onıń sóylew qábileti rawajlanadı hám kognitivlik procesler aktivlesedi. Balalar psixologiyası hám pedagogika tarawındaǵı izertlewler quwırshaqlardıń sociallıq normalardı ózlestiriwdegi áhmiyetin kórsetedi. Psixolog E.O.Smirnova atap ótkendey, quwırshaq balanıń ózin basqa adamnıń ornına qoyıp kóriwi, ǵamqorlıq etiwi hám qarım-qatnas mádeniyatın úyreniwi ushın eń tiykarǵı qural bolıp xızmet etedi [4,42]. Bala da anasınan kórgen ǵamqorlıqtı quwırshaqqa kórsetiw arqalı ózindegi miyirimlilik sezimleri qáliplesedi.

Rejelestiriw: 3-4 jasar bala quwırshaqtı "uyqlatıw" ushın arnawlı izbe-izlikti payda etedi. Dáslep onı "awqatlandıradı", kiyimin almastıradı, besikke jatqarıp ertek aytadı. Bul ápiwayı oyın emes, al balanıń hárketlerdi rejelestiriw, yadta saqlaw hám logikalıq izbe-izlikti qáliplestiriw (algoritmik oylaw) qábiletiniń rawajlanıp atırǵanlıǵın kórsetedi.

Sóylewdi rawajlandırıw: Bala eki quwırshaq arasında dialog dúzgende, ol ózgeshe dawıs tonlarınan (mısalı, jaǵımlı jumsaq yamasa qatań dawıs)tan paydalanadı. Bul onıń leksikalıq baylıǵın ósirip ǵana qoymastan, al situativlik sóylew kónlikpelerin de rawajlandıradı.

Empatiya (basqalardıń keshirmesin túsiniw): Bala oynap atırıp quwırshaǵın qulatıp alsa, onı kóterip, "Awırdı ma? Házir emleymiz" dep jubatadı. Bul process balanıń ózgege ǵamqorlıq etiw, miyirimlilik hám túsiniwshilik sezimlerin ishki dúnyasında qabıllap atırǵanlıǵın ańlatadı.

- Sociallıq rolderdi sınaqtan ótkeriw: Balalar quwırshaqlar menen "dúkan", "bolnica" yamasa "baqsha" oynaw arqalı jámiyetlik normalardı úyrenedi. Olar úlkenlerdiń is-háreketlerin ayna sıyaqlı sáwlelendirip, sociallıq munasábetlerdiń modelin sınaqtan ótkeredi.

Psixologiyalıq Keys (Case Study): "Jańa shańaraq aǵzasına iykemlesiw". Bul keys balanıń ishki keshirmelerin quwırshaqlar arqalı qalay túsiniwge hám korrekciya etiwge bolatuǵının kórsetedi.

Baqlanıwshı: Tumaris, 4 jas 8 aylıq.

Mashqala (Shaǵım): Tumaristıń shańaraǵında inisi dúnyaǵa kelgennen soń, onıń minez-qulqında ózgerisler payda boldı. Ol agressivlesip, ata-anasınıń itibarın tartıw ushın ınjıq bolıp qaldı.

Baqlaw procesi: Tumariske túrli ólshemdegi quwırshaqlar hám shańaraq aǵzaların sáwlelendiriwshi figuralar berildi. Dáslepki oyınlarında ol úlken quwırshaq (ózi) arqalı kishkene quwırshaqtı (inisin) qolınan túsirip jiberdi yamasa shkafqa qamap qoydı. Bul onıń sanasız túrde qızǵanıshın hám itibardan shette qalıw qorqıwın proekciya etkenin kórsetti.

Psixologiyalıq analiz hám sheshim: Quwırshaqlar menen dawam etken birneshe sessiyalarda Tumaris úlken quwırshaqtıń kishkene quwırshaqqa qalay gámqorlıq etiwi múmkinligin (awqatlandırıw, jubatıw, uqlatıw, besikte shayqaw)dı sınaqtan ótkere basladı. Oyın arqalı ol oǵan tásir etip atırǵan qıyın emociyalardı "sırtqa shıǵardı" (katarsis) hám óziniń jańa "úken ajapa" rolin qáwipsiz jaǵdayda qabılladı.

Keys boyınsha juwmaq: Bul ámeliy jaǵday quwırshaqtıń tek ǵana rawajlandırıwshı emes. Shańaraqqa jańa perzentti qabıllaw, ajapa rolin atqarıw hám kúshli psixoterapevtikalıq (proektiv) qural ekenligin anıq dálilleydi.

2. Emociyalıq tásir hám oyın terapiyası Quwırshaqlar balanıń ishki keshirmelerin, qorqıwların yamasa quwanıshların ashıp beriwge járdemlesedi. Kóbinese balalar ózlerin qıynap júrgen uwayımlardı yamasa shańaraqtaǵı kelispewshiliklerdi sóz penen aytıp bere almaydı. Usınday jaǵdaylarda quwırshaqlar menen oyın balanıń emociyalıq jaǵdayın turaqlılastırıwǵa

xızmet etedi. Belgili oyın terapevti Garri Lendret (Garry Landreth) óziniń miynetlerinde usı processke anıqlama berip, "oyınshıqlar – balanıń sózleri, al oyın – onıń tili" ekenligin atap ótken [5, 154 b]. Ashıw hám agressiyanı basqarıw: Eger bala baqshada yamasa úyde qanday da bir ádalatsızlıqqa ushırassa, ol kóbinese ashıwın tuwrıdan-tuwrı bildire almaydı. Oyın waqtında bala quwırshaqtı urıwı, qatań jaza qollanıwı yamasa oǵan baqırıwı múmkin. Bul arqalı bala ishinde jıynalǵan agressiyasın qáwipsiz jol menen sırtqa shıǵaradı (katarsis) hám óziniń psixologiyalıq turaqlılıǵın tikleydi.

Gestalt-terapiya elementleri ("Bos orın" texnikasınıń oyın túri): Bala úlken quwırshaqtı óziniń aldına qoyıp, oǵan óziniń qorqınıshları yamasa armanları haqqında aytıp beredi. Keyin ózi sol quwırshaqtıń atınan juwap beredi. Bul process balanıń óz sezimlerin hám basqalardıń oǵan bolǵan múnásiybetin jaqsıraq ańlawına járdem beredi.

Art-terapiya hám quwırshaq soǵıw: Balanıń óz qolı menen ápiwayı materiallardan (shúberek, qaǵaz yamasa ılay) quwırshaq soǵıw — oǵada kúshli emociyalıq process. Bala quwırshaqqa bet álpetin sızǵanda (mısalı, jılap turǵan yamasa qorqıp turǵan kózler), ol sanasız túrde óziniń házirgi uwayımların sáwlelendiredi. Bul terapevtke balanıń ishki dúnyasına jol tabıwǵa múmkinshilik beredi.

Psixologiyalıq Keys (Case Study): "Emxanadaǵı qorqıwdı jeńiw". Bul keys balalarda jiyi ushırasatuǵın medicinalıq travmalardı (posttravmatikalıq stress elementleri) oyın terapiyası arqalı qalay turaqlılandırıwǵa bolatuǵının kórsetedi.

Baqlanıwshı: Gúlnara, 6 jas.

Mashqala (Shaǵım): Gúlnara jaqında emxanada bolıp, kishigirim operaciyanı bastan keshirdi. Úyine qaytqannan soń, ol oǵada tınıshsızlanıp, qarańǵıdan qorqatuǵun boldı hám túngi uyqısı buzıldı. Shıpakerlerdi yamasa aq xalatlı adamlardı kórse, panikaga túsedi hám qorqadı.

Terapiya barısı: Psixologiyalıq sessiyalar dawamında terapevt Gúlnaraǵa "shıpaker" hám "bala" quwırshaqların, sonday-aq oyınshıq medicinalıq ásbaplardı (shpric, stetoskop) usındı.

o *Dáslepki basqısh:* Gúlnara shıpaker quwırshaqtı júdá agressiv etip oynaǵan. Ol shıpaker quwırshaq penen bala quwırshaqqa awırıw beriwshi hám qáwipli háreketlerler isleydi ("Men seni házir qatti iynemen shanshaman, sen jılaysań!").

o *Túsindiriw basqıshı:* Terapevt onıń procesine áste qosılıp, bala quwırshaqtıń emociyaların aytıp berdi: "Bala qattı qorqıp tur, ol anasın izlep atır". Gúlnara buǵan qosılıp, shıpaker quwırshaqtıń háreketlerin jumsaqlandıra basladı.

o *Sanasızlıqtan ańlawǵa ótiw:* Úshinshi basqıshta Gúlnara shıpaker quwırshaqtıń atınan: "Bul iyne kishkene awırtadı, biraq sen tezrek emlenesen hám úyińe, anańnıń qasına qaytasań" dep aytıp basladı.

Keys boyınsha juwmaq hám nátiyje: Oyın arqalı Gúlnara ózi basınan keshirgen jábirleniwshi (qorqıwshı) rolinen shıpaker (jaǵdaydı qadaǵalawshı) roline ótti. Bul balanıń "jábirleniwshi" sindromınan qutılıwına, onıń qorqıwların túsinik penen qabıllawına hám logikalıq oylanıwına járdem berdi. Nátiyjede, Gúlnaranıń túngi uyqısı tiklendi hám panikalıq qorqıwları joǵaldı.

Psixologiyalıq diagnostikada hám proektivlik texnikalarda qollanılıwıda quwırshaqlar balanıń ishki dúnyasın hám shańaraqlıq qarım-qatnasıqlardı baqlaw ushın eń jaqsı proektivlik qural bolıp tabıladı. Psixologiyalıq ámeliyatta arnawlı quwırshaqlar arqalı balanıń psixologiyalıq travmaların, jasırın uwayımların anıqlawda keń qollanıladı. Mısalı, dáslepki balalar psixoanalizi tiykarshılarınan biri Melani Klayn (Melanie Klein) oyın texnikasın jaratıp, kishkene quwırshaqlar hám oyınshıqlar arqalı balalardıń sanasız keshirmelerin, gúmanların hám isenimlerin tereń analizlewge bolatuǵının dálillegen [6, 3 b]. Bala quwırshaqlarǵa óziniń yamasa jaqınlarınıń xarakterin "proyekciya etedi" nátiyjede qániygelerge durıs psixologiyalıq járdem kórsetiwge jol ashadı.

Shańaraqlıq dinamikanı (munasábetlerdi) anıqlaw: Psixologiyalıq diagnostikada balaǵa túrli jastaǵı hám jınıstaǵı quwırshaqlar jıynaǵı beriledi hám "óz shańaraǵıńdı jıyna" yamasa "shańaraq aǵzaların bólmelerge jaylastır" dep tapsırma beriledi. Eger bala ózin sáwlelendiriwshi kishkene quwırshaqtı ata-anasınan uzaqqa yamasa arqasın qaratıp qoysa, bul onıń shańaraqtaǵı jalǵızsırawın yamasa emociyalıq baylanıstıń joqlıǵın bildiriwi múmkin.

Jasırın qorqıw hám travmalardı ashıw (Proekciya): Eger bala erkin oyın waqtında turaqlı túrde bir quwırshaqtı jasırıp, jazaǵa tartıp yamasa oǵan zıyan jetkiziwge urınsa, qániyge usı proekciya arqalı balanıń qanday qáwipten yamasa qanday adamnan qorqıp atırǵanın anıqlaydı. Quwırshaq bul jerde balanıń ashıq ayta almaytuǵın ishki sezimleriniń hám travmalarınıń aynası bolıp xızmet etedi.

Anatomiyalıq quwırshaqlar menen islesiw: Awır psixologiyalıq travma (mısalı, fizikalıq zorlıq) gúmanı bolǵan quramalı jaǵdaylarda

psixologlar arnawlı anatomiyalıq quwırshaqlardan paydalanadı. Bala oǵan ne bolǵanın sóz benen túsindire almaǵanda yamasa qorqqan waqtında, quwırshaqtıń denesinde ne bolǵanın kórsetip beriwi múmkin. Bul diagnostikanıń eń quramalı, biraq áhmiyetli túrlerinen biri esaplanadı.

Psixologiyalıq Keys (Case Study): "Sózssiz uwayım yamasa jasırn konflikt".

Bul keys proektivlik metodlardıń (quwırshaqlar menen oyın) balanıń jasırıp júrgizgen yamasa ózi de tolıq ańlamaytuǵın uwayımların qalay anıqlap beretuǵının sáwlelendiredi.

Baqlanıwshı: Nargiza, 5 jas.

Mashqala (Shaǵım): Nargiza sońǵı waqıtları baqshada tuyıq bolıp qaldı. Túnde uyqısı buzılǵan, sebepsiz jılay beredi hám dıqqatın jemlewge qıynaladı. Ata-anası shańaraqta barlıǵı jaqsı ekenligin, balanıń kózinshe heshqanday urıs-keris bolmaǵanın aytqan. Diagnostika processi: Psixolog Nargizaǵa "Shańaraq" proektivlik texnikasın usınıp, oyınshaqlardan úy qurıwın hám olardı jaylastırıwın soradı.

Baqlaw nátiyjesi: Nargiza "ana" quwırshaqtı asxanada, al "ata" quwırshaqtı basqa bólmede arqasın qaratıp qoydı. Eń itibar qaratılatuǵın jer, ol "bala" quwırshaqtı stol astına jasırıp, ústine awır oyınshıqlardı (bloklar) bastırıp qoydı. Terapevt: *"Kishkene qız nege tıǵılıp otır?"* dep soraǵanda, Nargiza: *"Ol úlkenlerdiń sáwbetlespewinen qorqıp atır. Olar bir-biri menen sóylespeydi,"* dep juwap berdi.

Keys boyınsha juwmaq: Ata-ana balanıń kózinshe baqırmasa da, shańaraqtaǵı jasırtın kelispewshilik hám suwıq qarım-qatnastı bala júdá kúshli emociyalıq túrde sezingen. Ol ózin qáwipsiz sezbegeni ushın "stol astına jasırınıw" (qorǵanıw) poziciyasın tańlaǵan. Usı diagnostikadan soń qániyge tek bala menen emes, al ata-ana menen de (shańaraqlıq terapiya) islesiw kerek ekenligin anıqladı.

Juwmaqlap aytqanda, quwırshaqlar balalıq dáwiriniń ápiwayı ermegi ǵana emes, al balanıń psixologiyalıq, emociyalıq hám sociallıq rawajlanıwına kúshli tásir etiwshi qural bolıp tabıladı. Olar empatiya sezimin qáliplestiriwge, quramalı keshirmelerdi jeńiwge hám jámiyetlik rollerdi ózlestiriwge járdem beredi.

Amerika pediatriya akademiyasınıń jetekshi qániygelerinen K. R. Ginzburg óz izertlewlerinde durıs tańlanǵan oyınshıqlar hám oyın arqalı bala menen ata-ana yamasa qániyge arasındaǵı bekkem, emociyalıq jaqtan qawipsiz baylanıs ornatılatuǵınının atap ótedi [8, 182 b]. Sonlıqtan, balanıń psixikası salamat rawajlanıwı ushın ata-analarǵa hám tárbiyashılarǵa tómendegi psixologiyalıq usınıslardı beriw maqsetke muwapıq:

1. Jas ózgesheliklerin esapqa alıw: Balanıń kognitivlik tayarlıǵına sáykes quwırshaqlardı tańlań. Kishi jastaǵı balalar ushın jumsaq, al úlkenlew balalar ushın syujetli-rolli oyınlarǵa arnalǵan quwırshaqlar paydalıraq.
2. Realistik proporsiyalarǵa itibar beriń: Dene dúzilisi haqıyqıy adamlarǵa uqsaytuǵın quwırshaqlardı alıp beriń. Bul balada óz denesine degen durıs (salamat) kózqarastı qáliplestiredi.
3. Emociyalıq baqlaw hám qatnasıw: Balanıń quwırshaq penen qalay oynap atırǵanın baqlań. Eger oyın syujetlerinde turaqlı túrde agressiya yamasa qorqıw sáwlelense, bul balanıń ishki uwayımlarınan dárek beriwi múmkin. Bunday waqıtta onıń sezimlerin túsiniwge háreket etiń.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Выготский Л. С. Игра и ее роль в психическом развитии ребенка // Вопросы психологии. — Москва: Просвещение, 1966. — № 6. — С. 62-68.
2. Эльконин Д. Б. Психология игры. — Москва: Педагогика, 1978. — 115-304 с.
3. Hashmi S., Vanderwert R. E., et al. Exploring the Benefits of Doll Play Through Neuroscience // Frontiers in Human Neuroscience. — Lausanne, 2020. — Vol. 14. — P. 1-12.
4. Смирнова Е. О., Абдулаева Е. А. Организация игровой среды: Игрушка как средство психического развития. — Москва: МГППУ, 2008. — 42-132 с.
5. Landreth G. L. Play Therapy: The Art of the Relationship. 3rd Edition. — New York: Routledge, 2012. — 154-448 p.
6. Klein M. The psychoanalytic play technique: Its history and significance // New Directions in Psycho-Analysis. — London: Tavistock, 1955. — P. 3-22.
7. Ginsburg K. R. The Importance of Play in Promoting Healthy Child Development // Pediatrics. — IL: American Academy of Pediatrics, 2007. — Vol. 119(1). — P. 182-191.